# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDA ÓNDIRIS TARMAQLARÍN JAYLASTÍRÍW HÁM RAWAJLANDÍRÍW MÁSELELERI

**Bekbulatova G.A.,**
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq Mámleketlik universiteti docenti, g.i.k.*

**Reymbaeva V.,**
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq Mámleketlik universiteti 3-kurs studenti*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15170496

Ǵárezsizlikten keyingi mámleketimizde alıp barılıp atırǵan rawajlanıw strategiyasınıń jedel ámelge asırılıwı, xalıqtıń sociallıq turmıs dárejesin jaqsılaw, sociallıq-ekonomikalıq tarawlardı rawajlandırıw hám onıń nátiyjelerin arttırıw mámlekettiń eń tiykarǵı máselelerinen biri bolıp qaldı. Bul reformalar jolında kóplegen imkaniyatlar esigin ashıp berdi hám hár bir shaxs óziniń jeke isin baslaw ushın úlken imkaniyatlar jaratıp berdi. Házirgi kúnge kelip jeke isbilermenlik bolsın yamasa basqa da taraw hám baǵdarlarda jaslarǵa úlken úmitler menen imkaniyatlar jaratılǵan. Jaslarǵa óz keleshegin jolǵa qoyıw ushın hám mámlekettiń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwına óz úlesin qosıwına mámleketimiz tárepinen jol ashıp bermekte. Respublikamızdıń házirgi sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıw máselesi kóplegen processlerge baylanıslı óz sheshimin tawıp kelmekte. Bunday processlerge mısal etip házirgi kúndegi sanaattıń yamasa óndiristiń bazar ekonomikasına tiykarlanǵan kóplegen tarmaqları yamasa tarmaqlar aralıq rawajlanıwın mısal etiw múmkin.

Qaraqalpaqstan Ózbekstan Respublikasınıń arqa-batısında jaylasqan agrar-industrial aymaqlardan esaplanadı. Qaraqalpaqstan arqa-shıǵısta Nawayı wálayatı, qubla-shıǵısta Xorezm hám Buxara wálayatları, Túrkmenstannıń Tashawız wálayatı, sonday-aq, qubla-shıǵıs hám batıs tárepten Qazaqstan Respublikası menen shegaralas. Ekonomikalıq geografiyalıq jaylasıw ornına toqtalatuǵın bolsaq Qaraqalpaqstan Orta Aziya mámleketleriniń Rossiya hám Evropa mámleketleri arasındaǵı avtomobil jolında tranzit poziciyasın iyelegen bolıp, maydanı 166,6 mıń km.kv. teń hám bul elimizdiń 37% ten aslam aymaǵına teń. Ekonomikalıq geografiyalıq jaqtan qaraǵanda Qaraqalpaqstan Orta Aziyanıń batıs hám shıǵıstı baylanıstıratuǵın jolda tranzit pozitciyada jaylasqan. Jer beti tegislikten ibarat, biraq soǵan qaramastan tábiyiy kompleksleriniń ózgesheligi jaǵınan bir-birinen ajıralıp turatuǵın tórt rayonǵa bólip úyreniwimiz múmkin.

Ózbekstanda ámelge asırılıp atırǵan innovaciyalıq ekonomikanı qáliplestiriwdıń házirgi basqıshında sanaat potencialın arttırıw mexanizmlerin

jetilistiriw, sonıń ishinde, aymaqlar hám sanaat tarmaqlarınıń ekonomikalıq potencialı dárejesin turaqlı monitoriń etip barıw, sanaat potencialın arttırıwǵa qaratılǵan modernizaciya baǵdarlamaların qabıl etiw hám bul baǵdarda maqsetli strategiyalardı islep shıǵıw máselesin sheshiw úlken áhmiyetke iye bolmaqta. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoyevtiń 2018-jıl 22-dekabrdegi "Oliy Majliske Múrájatında" – mámlekettiń innovaciyalıq jańalanıw baǵdarlamasın qáliplestiriw, innovaciya hám investiciyalardan nátiyjeli paydalanatuǵın jańa áwlad kadrların, jańa investorlar klasterin tayarlaw oǵada úlken áhmiyetke iye. Bunıń ushın Ózbekstandı texnologiyalıq rawajlandırıw hám ishki bazardı modernizaciyalaw boyınsha kúshli milliy ideya, milliy baǵdarlama kerek. Bul baǵdarlama Ózbekstandı jáhánnıń rawajlanǵan mámleketleri qatarına tezirek alıp shıǵıw imkaniyatın jaratıwı kerek" ekenligi tiykarǵı wazıypa bolıp esaplanadı.

Bul wazıypalardı ámelge asırıw, bárinen burın, mámleketimiz aymaqlarında sanaat ónimlerin islep shıǵarıwdıń kólemin arttırıw, sanaat kárxanalarınıń óndirislik potencialınan nátiyjeli paydalanıwǵa qaratılǵan maqsetli strategiyalardı belgilew kún tártibinde tur.

Sanaat tarmaǵınıń rawajlanıwı Qaraqalpaqstan Respublikası ekonomikası ushın úlken áhmiyetke iye bolǵan halda, jalpı ishki ónimde (JIÓ) tarmaqlar qosımsha kúniniń 29,3 procenti, ekonomikadaǵı ulıwma bántliktiń 24,4 procenti jáne ekonomikalıq jumıs túrleri boyınsha tiykarǵı kapitalǵa kirgizilgen investiciyalardıń 19,7 procenti usı tarmaqtıń úlesine tuwra keledi. Usı táreplerdi esapqa alǵan halda respublikamız sanaat potencialınıń rawajlanıw tendenciyaların tereń tańlaw, onıń turaqlı rawajlanıwına tásir etiwshi faktorlardı anıqlaw tiykarında sanaat potencialın arttırıwdıń maqsetli strategiyaların islep shıǵıw búgingi kúnniń áhmiyetli máselelerinen biri bolıp esaplanadı.

Ulıwma alǵanda, regionnıń óndirislik potencialı - bar resurslardan nátiyjeli hám aqılǵa muwapıq paydalanǵan halda uzaq múddetli turaqlı rawajlanıwdı támiyinlew jáne sırtqı ortalıq penen óz-ara qatnas processinde tutınıwshılardı sanaat ónimlerine bolǵan talaptı qáliplestiriw, anıqlaw hám qanaatlandırıw qábiletin ańlatadı.

Jer betiniń dúzilisi yaǵnıy relefi birdey bolmaǵanlıǵı sıyaqlı hawa temperaturası, suwı, topıraǵı, ósimlik, haywanat dúnyası, qazılma baylıqları, xalqı hám óndiris tarmaqlarınıń jaylasıwı da birdey emes. Mine usınday jaylasıw geografiya pániniń shın mánisindegi ilimiy hám ámeliy áhmiyetin tiykarlap beredi, adamlardıń turmıs tárizi, aymaqlıq miynet bólistiriliwi hám dúnya jámiyetshiligindegi mámleketlerdiń geosiyasiy ornın belgilep beredi.

Burınǵı Awqam dáwirinde oraylastırıw reje ilajları sharayatında óndiris kúshlerin birden-bir mámleket rejelestiriw shólkemi jaylastırǵan. Házirgi bazar qatnasıqlarına ótiw dáwirinde múlktiń mámleket iyeliginen shıǵarılıwında "jaylastırıw" óziniń dáslepki mánisin joǵalttı, biraq bunday sharayatta da múlk iyeleri hám biznesmenler (isbilermenler) ózlerine tiyisli tarmaqlardı belgili bir principler tiykarında jaylastıradı. Keń mániste bolsa, mámleket óziniń túrli mexanizmleri tárepinen óndiristiń jaylasıwın tártipke salıp, basqarıp baradı. Ilimiy jaqtan bunday jaylasıw "aymaqlıq shólkemlestiriw" dep ataladı. Bul túsinik sistema, strukturalıq dúzilis, teńsalmaqlılıq hám basqarıwdı názerde tutadı, sebebi komplekslesiw aymaqlıq kompleks túrinde ámelge asadı. Kórkem ónerdiń tarmaqlar aralıq dúzilisi júdá quramalı sistema bolıp, keyingi dáwirde júdá tez pát penen ózgerip barmaqta. Eń úlken tarmaqlar qatarına janılǵı, energetika, qara hám reńli metallurgiya, ximiya hám neftti qayta islew, mashinasazlıq hám metalldı qayta islew, qurılıs, toǵay hám aǵashtı qayta islew, cellyuloza-qaǵaz, jeńil, azıq-awqat hám t.b. Sanaat tarmaqları awır hám jeńil, óndiris quralları hám tutınıw tovarların islep shıǵarıwshı úlken eki tarmaqqa bólinedi.

Tikkeley óndiris karxanaların jaylastırıwǵa tiyisli ilimiy ideyalar eń dáslep Germaniyada jaratılǵan. Mısal ushın, nemis ilimpazı Iogan Tyunen XIX ásirdiń 20-30 jıllarında óziniń awıl xojalıǵı tarmaqların jaylastırıw boyınsha ilimiy pikirlerin "İzolirovannoe gosudarstvo" shıǵarmasında bayan etken. Tyunenniń bul shıǵarması onıń pútkil óndiristi aymaqlıq shólkemlestiriwshi barlıq isbilermenlerdiń altın qaǵıydasına aylandı dep aytıw múmkin, sebebi onıń ideyasında "insan" tiykarǵı túsinik bolıp, barlıq óndiris tarmaqları yamasa xızmet kórsetiw tarmaqları onıń átirapında jaylasıwı kerek edi. Oraylıq bólimdi insan dep alsaq, onıń átirapında onıń mútájliginen kelip shıqqan halda awıl xojalıǵı ónimlerin tártip penen jaylastırıwdan ibarat. Onıń bul ideyası qala hám awıl, yamasa bazar ortasındaǵı (Maklenburg hám Rostok qalası mısalında) aralıqtı názerde tutqan, bunda awıl xojalıǵı ónimleriniń bahası hám sapa dárejesinen kelip shıqqan halda bahalanǵan. Bunday ideyanı biz ózimizde alǵa qoyatuǵın bolsaq Nókis qalasın oray dep alamız hám xalqı da átiraptaǵı basqa aymaqlarǵa qaraǵanda ádewir kóp hám paytaxt qala kimdur oqıwǵa jáne kimdur jumıs islew maqsetinde bul jerge jámlenedi. Tyunen ideyası boyınsha Nókis qalası oray bolsa onıń átirapındaǵı aymaqlarda xalıq ushın zárúr bolǵan azıq-awqat ónimlerin jetistirip beriwshi awıl xojalıqların shólkemlestiremiz.

Tómendegi shártler tiykarında I.Tyunen qala átirapında awıl xojalıǵı tarmaqlarınıń jaylasıw sistemasın yaki aymaqlıq komplekslerdi jaratıw. Bul sistema yamasa kompleks ádebiyatlarda "Tyunen halqaları" atı menen belgili. Sebebi túrli ónimlerdi jetistiriwge qánigelesken hár qıylı tarmaqlar tutınıwshı yaǵnıy oray

átirapında saqıyna tárizli jaylasadı. Máselen, birinshi sheńberde miywe-ovosh hám sút ónimleri, ekinshi: toǵay xojalıǵı (sol dáwirde otın tiykarǵı jıllılıq deregi esaplanǵan), úshinshi: kartoshka, arpa hám dánli eginler, tórtinshi: ǵálle hám gósh sút sharwashılıǵı, besinshi: dán jetistiriw, altınshı: jaylaw esaplanǵan.

I.Tyunen birinshilerden bolıp jerden paydalanıw máselesin kórip shıqtı hám ilimiy ádebiyatqa "ekonomikalıq orın" túsinigin kirgizdi. I.Tyunenniń ilimiy jumısları awıl xojalıǵı geografiyası pánine tiykar salıp berdi. Ekonomikalıq geografiyada óndiris tarmaqları boyınsha jáne bir nemis alımı Alfred Veber óziniń óshpes izin qaldırǵan. Ol sanaat standartı haqqında ilimiy izleniwler alıp barǵan, ol óziniń bar itibarın sanaatta óndiristi jaylastırıwǵa tásir etiwshi faktorlarǵa qaratqan. Usıǵan baylanıslı ol óndiriske tásir etiw kúshine qarap klassifikaciyalarǵa ajıratqan hám tiykarǵı tásir kórsetiwshi faktorlardı anıqlaǵan. A.Veber sanaat geografiyası hám sanaat shtandortınıń tiykarın salıwshı bolıp ekonomikalıq geografiya pániniń dáslepki anıqlamasın berdi. "Shtandort" teoriya - bul kárxananıń optimal (standart) hár tárepleme qolay jaylasqan ornın ańlatadı. Jaylastırıw yamasa shólkemlestiriw kárxananı qurıwda názerde tutılǵan ekonomikalıq nátiyje hám alınatuǵın payda menen baylanıslı halda anıqlanadı. Bul payda A.Veber pikirinshe tiykarınan shiyki zat bazası, tayar ónimdi jetkerip beriw, transport hám miynet resurslarına ketken qárejetler hám de óndiris fondları sapası menen esaplanadı.

Aymaqlar sanaatın teń salmaqlı rawajlandırıw hám nátiyjeli jaylastırıw strategiyasın belgilewde, sanaattıń óndirislik potencialın arttırıwda keltirilgen metodikalıq kózqaraslardan paydalanıw maqsetke muwapıq. Ózbekstan Respublikasında sanaattıń óndirislik potencialınan nátiyjeli paydalanıwda bar imkaniyatlar hám tásir etiwshi faktorlardı esapqa alǵan halda ámelge asırıw zárúrligin keltirip shıǵaradı. Solay eken, Respublikada sanaattı rawajlandırıwǵa qaratılǵan maqsetli joybarlar hám strategiyalardı belgilewde usınıs etilgen modelden paydalanıw, aymaqlarda sanaattıń teń salmaqlı rawajlanıwına erisiw imkaniyatların arttırıwǵa, regionlardıń ózgesheliginen kelip shıqqan halda óndiris kúshlerinen maqsetli paydalanıwdı júzege keltiredi.

**Ádebiyatlar:**

1. Бекбулатова Г.А., Худайбергенов Я., Отеулиев М., Тажиева Л., Размещение и развитие сельскохозяйственных отраслей республики Каракалпакстан. "Экономика и социум" ISSN 2225-1545. №6(97) 2022.
2. Bekbulatova G.A.,Tursınov M.J.. Reymov K.,O'zbekistonning oziq-ovqat xavfsizligi masalasi xususiyatlari. Комплекс географик тадқиқотлар: инновация ва амалиет, Республика илмий-амалий конференция, 2022 йил, Андижон. 59-61
3. Bekbulatova G.A., Tajibaeva L., Qoraqalpoqiston Respublikasida sanoat tarmoqlarininq shakillanishi va tarmoqlararo tuzilishi. Комплекс географик тадқиқотлар: инновация ва амалиет, Республика илмий-амалий конференция, 2022 йил, Андижон.